Усы жылдың 26-март күни созылмалы кеселликлери менен диспансер қадағалаўында болған наманганлы 72 жасар ҳаял коронавирус инфекциясы анализи менен Наманган ўәлаят жуқпалы кеселликлер емлеўханасына жатқызылған еди. 27-март күни усы аўырыў шыпакерлердиң реанимацион емлеўлерине қарамастан өткир миокард инфарктинен қайтыс болған.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы уламалары усы жағдай менен байланыслы тийисли пәтиўалар ҳәм медицина тараўы қәнигелери менен кеңескен ҳалда коронавирус кеселлиги менен қайтыс болған мәйитти жерлеў бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Ислам дининде қандайда бир мусылман қайтыс болса, оны шәрият көрсетпесине муўапық жуўыў, кепинлеў ҳәм жерлеўге буйырлған. Усы әмеллерди орынлаў барысында адамға зыян жетиў мүмкиншилиги болса, “исламда зыян бериў де, зыян көриў де жоқ” ҳәм “қыйыншылық жеңилликти талап етеди” усаған фиққий қағыйдалар бойынша, усы әмеллерди атқарыўшыларға зыян жеткермеген ҳалда орынлаўға рухсат бериледи. Себеби, билип турып жанын қәўип-қәтерге қойыў, өзин қәўипке таслаў болып табылады.

Бундай оғада жуқпалы ҳәм қәўипли кеселликлер менен қайтыс болған мусылманларды жуўыў, кепинлеў ҳәм жерлеўде өзине тән талапларға әмел етиўди талап етеди. Яғный жуўыўшы, кепинлейтуғын ҳәм жерлеўшилерге вирус өтиў мүмкиншилигиниң алдын алыў зәрүр.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы Уламалар Кеңеси тәрепинен усы мәселе бойынша Мысырдың “Дорул-ифто” пәтиўа аўқамы пәтиўасы, Азҳар уламалары кеңеси пәтиўасы, Туркия диянат ислери басқармасы пәтиўалары үйренип шығылды.

Ҳәзирги күнде дүньядағы мусылман мәмлекетлери тәжирийбесинде мәйитти жуўыў, кепинлеў ҳәм жерлеў мәресими санитар хызметкерлер жәрдеминде шәриятқа муўапық әмелге асырылмақта. Усы әмеллерди орынлаўда мәйиттиң жақынлары қатнасып атырған жоқ. Марҳумның жақын ағайынлары тек жаназа намазы оқылыўында қатнаспақта.

Ден саўлықты сақлаў министрлиги менен өз-ара мәслаҳәт тийкарында, карантин жағдайында мәйитти мүмкиншилиги барынша шәриятымыз көрсетпелерине муўапық жуўыў, кепинлеў ҳәм жерлеўге ҳәрекет етиледи. Бул ислерде Өзбекстан мусылманлары басқармасы ўәкили қатнасады.

Усы әмеллер фарзи кифоя мәнисиндеги ислер болып, айрым мусылманлар әмелге асырса, қалғанларынан сақыт болады.

Демек, коронавирус кеселлиги менен қайтыс болған мәйитти жерлеў мәресимин тек жақын ағайынлары қатнасыўында өткериў лазым.

Жерлеў мәресиминде қатнасыўшылар медицина көрсетпелерине әмел етиўи, атап айтқанда, нықаплар ҳәм қолқаплардан пайдаланыўы ҳәм де мәресимнен кейин карантин талаплары тийкарында дезинфекция ҳәм жеке гигиена әмеллерин орынлаўы керек.

Атап өтиў керек, жаназа, жерлеў ҳәм кеўил билдириў мәресимлерин ықшам тәрзде өткериў эпидемия ҳәм де карантин дәўириндеги талаплар, атап айтқанда, гигиена қағыйдаларына қатаң әмел етиў керек болады. Соның менен бирге, арнаўлы комиссия шешими тийкарында қатаң шекленген структурада өткериледи.

Мөмин-мусылманларымыз Ислам дини дәреклерине таянған ҳалда баян етилген усы тәреплер ҳәм илажларды туўры түсиниўине қатаң исеним билдиремиз.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа кеңеси.